



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 16 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SÈVIS SAN FIL AK NOUVO “TRANSIT WIRELESS WIFI” NAN ESTASYON
TREN QUEENS AK MANHATTAN**

Kounye a 76 estasyon konekte; Kòmansman faz III pou konekte 39 lòt estasyon nan 2015

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Metropolitan Transportation Authority ak achèyman yon gwo ekstansyon Transit Wireless ak sèvis Wi-Fi nan estasyon tren yo, pwolonje koneksyon a 11 nouvo estasyon nan Manhattan ak 29 lòt nan Queens, epi konekte yon total 47 milyon pasaje chak mwa. Achèyman Faz I ak II fè pati de sèt faz pou konekte tout 277 estasyon anba tè yo nan ane 2017, e travay la te deja kòmanse pou pote yon lòt 39 estasyon sou entènèt nan prentan 2015.

“Ajoute ak amelyore sèvis san fil nan plis estasyon tren bay yon kout pous anplis a eksperyans pasaje yo nan youn nan sistèm tren ki pi frekante nan mond lan, pandan lap ofri yon nivo sekirite siplemantè,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Yon rezo ki pi estab anba tè asire ke pasaje ak premye sekouris yo kapab kominike nan transparans sou evènman ijans yo, sa ki esansyèl nan yon sistèm ki pote plizyè milyon pasaje chak jou.”

Faz II nan rezo san fil ak Wi-Fi la bati pou kouvri 29 estasyon anba tè nan Queens ak 11 nan Manhattan, enkli gwo sant tankou Jackson Heights/Roosevelt Avenue Station, Jamaica Center Station, Court Square Station, 42 Street Bryant Park Station, 34 Street Herald Square Station ak Grand Central 42 Street Station. Premye 36 estasyon anba tè Midtown Manhattan yo te konekte jis 18 mwa de sa.

Wap jwenn yon lis konplè estasyon tren san fil ki konpatib jiska dat [LA](#).

Metropolitan Transportation Authority te fè anons lan jodia ansanm avèk Transit Wireless nan estasyon tren Court Square nan vil Long Island, Queens, avèk patnè ajans patnè san fil yo Transit Wireless, AT&T, T-Mobile, Sprint ak Verizon Wireless, e egalman Royal Caribbean International, kap bay Wi-Fi gratis pou pasaje yo.

Faz III pwojè a pral gen ladan estasyon Flushing Main Street Station nan Queens, ansanm avèk estasyon

nan anba Manhattan, Lwès Harlem ak Washington Heights. Pifò estasyon yo nan Faz II a gen ladan estasyon ulton Street, estasyon 125 Street ak nouvo estasyon 34 Street 7 estasyon lè lap ouvri ane pwochen.

Prezidan Metropolitan Transportation Authority Thomas F. Prendergast te deklare, “Pote sèvis rezo san fil la nan sistèm tren nou an se dènye etap nan efò Metropolitan Transportation Authority pou amelyore sèvis nou ofri pou kliyan nou yo. Kesewa wap tcheke imèl ou, rele pitit ou oswa chèche èd ijans, sèvis entènèt san fil la pral pote komodite ke nou abitye jwenn anlè nan sistèm tren an.”

Prezidan Transpò Vil New York Carmen Bianco te deklare, “Amelyore eksperyans kliyan atravè koneksyon, sistèm Help Point Intercom, ale sou ekran ak enfòmasyon sou orè pwochen tren an pandan lap pote yon revni siplemantè a Metropolitan Transportation Authority se yon viktwa pou tout moun. Jodia nou ajoute Queens nan twoupo a e map rete tann pou n pote plis estasyon nan Bronx ak Brooklyn sou entènèt pa twò lontan.”

PDG Transit Wireless William A. Bayne te deklare, “Kat gwo konpayi kominikasyon Etazini ki te bay koneksyon san fil la yo se nway rezo nou an epi asire ke tout moun ka genyen koneksyon ak aksè pandan nap ajoute estasyon nan Queen ak elaji kouvèti siyal anba tè. Nou kontan pou n anonse nouvo sèvis Transit Wireless Wi-Fi a kliyan Metropolitan Transportation Authority yo ak remèsiman spesyal a premye pwomotè nou an, Royal Caribbean International. Nou te anmezi pou bay Wi-Fi gratis nan kad lansman Faz II nou an nan Queens ak Manhattan epi elaji sèvis san fil ak aksè sekirite piblik tankou E 911 a plizyè milyon pasaje.”

Asistan Vis Prezidan AT&T pou rezo New York la Jim Hormann te deklare, “Elaji sèvis san fil AT&T nan platfòm tren sa yo se pwochen faz nan efò kontinyèl nou pou bay kliyan nou yo sèvis entènèt ki pi rapid ak pi fyab nan Vil New York, enkli 4G LTE, nan estasyon tren yo nan vil New York.”

Direktè rejyonal T-Mobile Enjenyè Salim Kouidri te deklare, “Pandan nap kontinye amelyore ak grandi rezo anlè LTE pou kliyan nou yo, travay la pral antre nan agrandi kouvèti siyal nan estasyon tren New York yo egalman enpòtan pou nou. Avèk lòt faz konstriksyon yo ki ankou, plizyè milyon pasaje T-Mobile pral ka pran avantaj nan anpil benefis pou konekte anba tè.”

Direktè Biznis Lavant Sprint Mike Wodzisz te deklare, “Elaji rezo nou an nan vas sistèm tren anba tè New York la se yon etap enpòtan nan amelyore eksperyans vwayaj pou tout kliyan yo. Nap rete tann pou nou non sèlman gen enpak sou kliyan Sprint yo atravè elajisman sèvis anba tè, men egalman endirèkteman gen enpak sou tout kliyan Metropolitan Transportation Authority yo nan konekte plizyè reprezantan nan sekirite piblik, premye sekouris ak travayè yo nan vil la ki kenbe fonksyonman Vil New York.”

Direktè Egzekitif Rezo New York Verizon Wireless Michele White te deklare, “Adisyon sèvis vokal ak done Verizon Wireless nan estasyon tren Queens se yon lòt fason konte nou kenbe kliyan nou yo konekte avèk moun, lokasyon ak bagay ki enpòtan pou yo. Antanke pi gwo rezo 4G LTE ki pi fyab nan peyi a, nou te investi plis pase \$4.5 milya dola nan rejyon metropoliten New York depi ane 2000, e nou

angaje pou bay kliyan nou yo pi bon eksperyans san fil posib, keseswa yo anlè oswa anba tè.”

Metropolitan Transportation Authority ak Transit Wireless te kontinye fè patenarya ansanm sou plizyè inisyativ enkli deplwaman Help Point Intercoms. Konsevwa pou alafwa byen vizib ak fasil pou utilize, aparèy kominikasyon enstantane sa yo ofri aksè imedyat pou asistans ak enfòmasyon avèk touch yon bouton. Kreve spesyalman pou anviwonman tren an, Help Point Intercom lan deziyen pou l yon zouti kominikasyon ki fasil pou rekonèt pou kliyan yo ki bezwen swa rapòte yon ijans oswa mande direksyon vwayaj. Inite yo fasil pou rekipere avèk yon baliz briyan ble ki pral bay batman lè inite a annaksyon. Fonksyonalite sa pral ede alètte premye sekouris yo nan ka kote gen yon kliyan ki blese oswa malad nan lokasyon sa a.

Kòm rezo ap kontinye elaji ak ofri selilè ak Transit Wireless Wi-Fi konekte anba tè, youn nan benefis enpòtan pou kliyan yo se kapasite pou fè apèl E911 lè sa nesèsè. Rezo a pèmèt dispatchè ijans yo konnen si yon moun te fè yon apèl anba tè a ak apeprè lokasyon moun ki rele a. Rezo a pral egalman bay anplwaye Metropolitan Transportation Authority yo ak premye sekouris yo kapasite kominikasyon amelyore nan yon ijans. Yon lòt benefis sèvis san fil sa sèke li pèmèt plizyè pwopriyetè biznis anba tè ak kontraktè yo pou yo rete konekte nan yon fason ke yo pat janm kapab anvan. Rezo sa kontinye amelyore lavi nan vil la ki pa janm dòmi nan pèmèt rezidan yo ansanm avèk vizitè yo pi byen konekte ak pi ansekirite pandan yo anba tè a.

Yon vrè inovatè teknoloji, Royal Caribbean International ap pote sèvis entènèt Wi-Fi gratis a pasaje tren yo pandan lap prepare pou akeyi premye bato entelijan mond lan, Quantum of the seas, nan zòn New York nan mwa novanm kap vini an. Benefisyè “yon kagezon band kap pase,” nouvo batiman ki trè antisipe a pral fonksyone avèk koneksyon vitès entènèt san parèy sou tè epi pèmèt envite yo gade difizyon videyo, tcheke imèl, pataje imaj sou medya sosyal epi jwi konvèsasyon videyo fas-a-fas - menm nan mitan lanmè.

Vis Prezidan Royal Caribbean International Jeff Dekorte te deklare, “Se yon mond branche, e Nouyòkè yo espere rete konekte nenpòt kote yo ye, keseswa yo sou tè oswa plizyè kilomèt nan lanmè. Sa te yon chwa natirèl pou nou fè patenarya avèk MTA ak Transit Wireless pou pote Wi-Fi gratis a plizyè milyon vwayajè kotidyen vil la, patikilyèman kòm nou a 25 jou pou pote Quantum of the Seas nan New York, yon bato ki chanje dinamis la pou koneksyon nan lanmè.”

Kòmmanse jodia, pasaje yo pral wè afich siyalizasyon nan estasyon yo osijè sèvis Wi-Fi san fil ak Transit Wireless. Pasaje yo kapab chwazi Transit Wireless SSID sou aparyèy mobil yo pou konekte epi gen opòtinite pou wè yon videyo kout sou Royal Caribbean International pou gen aksè a sèvis gratis la. Anplis, Transit Wireless Wi-Fi pral bay nouèl vil New York chak jou ak kontini sou sa kap pase chak jou nan vil la ki soti nan citybuzz.

Mesaje mobil yo pral nan zòn mezanin nan estasyon anba tè nan Manhattan ak Queens pou enfòmasyon pasaje yo sou disponibilite sèvis selilè ak nouvo sèvis Transit Wireless Wi-Fi nan tren yo pandan tout mwa oktòb epi ede pasaje yo konekte nan rezo a.

Haitian Creole

Sèvis San Fil Anba Tè – Kijan li fonksyone

Operatè san fil ki sou kontra ak Transit Wireless pou bay sèvis vwa ak done pou kliyan ki nan estasyon tren anba tè Vil New York mete menm kote Estasyon Baz yo ak ekipman distribisyon Transit Wireless' Optical nan yon Transit Wireless Base Station Hotel ki se yon enstalasyon komèsyal solid, ki tolere fay epi ki gen èkondisyone ak kouran redondan.

Operatè san fil yo bay Estasyon Baz yo pou chak bann ak teknoloji; 700-LTE, 850-Cellular, 1900-PCS, 2100-AWS ak lòt. Base Estasyon sa yo konekte ak Transit Wireless' Radio Interface ak Optical Distribution System nan Base Station Hotel la. Siyal radyo konbine, konvèti an siyal optik epi distribiye sou kab fib optik Transit Wireless atravè konduit anba lari vil la rive nan estasyon tren kote kab optik yo konekte ak Remote Fiber miltibann.

Remote Fiber Nodes sitiye sou chak platfòm, mezanin ak divès pwèn ki sou wout aksè piblik. Kab Koaksyal konekte nan chak Remote Fiber Node epi voye siyal nan antèn ki sitiye kote stratejik nan chak estasyon tren. Ak metod sa, siyal radyo ba nivo disitribye yon fason egal pou bay kouvèti san entèripsyon depi estasyon anlè tè rive nan estasyon anba tè. Yon sistèm jesyon rezo kontwole sèvis la; detekte pwoblèm yo epi bay alèt pou yo ka dispatche teknisyen si nesèsè.

Enfòmasyon sou Transit Wireless

Transit Wireless te enplemannte yon rezo wo kalite, otman rezistan ki pèmèt rezo prive sekirize ak Wi-Fi piblik. Transit Wireless te fòmè spesyalman pou reponn a egzijans Metropolitan Transportation Authority (Metropolitan Transportation Authority) pou bay yon enfrastruktir wireless pataje pou pèmèt sèvis wireless komèsyal ki bay pa AT&T, T-Mobile, Sprint ak Verizon pou kliyan transit Vil New York yo nan estasyon tren anba tè ak opòtinite ki anrapò. Nouvo sèvis Wi-Fi Transit Wireless, te patwone nan ane 2014 pa Royal Caribbean International. Patnè adisyonèl ak pwomotè yo pou lansman dezyèm Faz la gen ladan [Mindshare](#), [citybuzz](#), [Corning](#), [GrayBar](#), [Motorola Solutions](#), [PCTel](#), [Presidio](#), [SoLiD](#) ak [V-Comm](#). Pou rete enfòmè sou dènye ajou ak plan deplwaman sèvis, konekte avèk Transit Wireless sou [Twitter](#), [Instagram](#) ak [Facebook](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole